

**KONTRAKTE KI NAN
FLORIDA K-AP
TRAVAY NAN
JADEN/
CHEF EKIP**

LIV POU ETIDYE POU EGZAMEN-AN

MATERYEL KI GEN NAN LIV-LA

ENTRODIKSYON	1
SI OU BEZWE ASISTANS	1
LE OU AKSEPTÉ LISANS	1
KOMAN POU ITILIZE LIV-SA-A.....	2
KAT (4) ETAP POU ITILIZE LIV-LA	2
CHAPIT 1	
KOMAN POU ANREJISTRE KOM KONTRAKTE.....	3
KI ES KI DWE APLIKE POU ON LISANS	3
KOMAN POU APLIKE POU ON LISANS KONTRAKTE	4
KOMAN POU RANPLI APLIKASYON-AN.....	5
CHWAZI OU AJAN KI REJISTÉ.....	5
EGZAMEN KONTRAKTE POU MOUN K-AP TRAVAY NAN JADEN.....	6
SANT EKSAMINASYON AK ARANJAM ORÉ.....	6
ANPRENT DWET.....	7
POU RENOUVLE LISANS KONTRAKTE	7
LISANS ETA-A AK FEDERAL.....	7
CHAPIT 2	
POU KENBE KONTAK AVEK DEPARTMENT-A	8
CHANJMAN ADRES	8
LET OU RESEVWA NAN MEN DEPARTMENT-A.....	8
CHAPIT 3	
TRANSPOTE TRAVAYE NAN JADEN AVEK KONDUI YO NAN JADEN.....	9
KONDUI YO NAN JADEN	9
POU BAY TRANSPOTASYON	10
ASIRANS POU GENYEN POU MACHIN	10
ENSPEKSYON MACHIN	10
BAGAY YO MANDE POU MACHIN	11
ENSPEKSYON MACHIN NENPOT KI LE	14
INFOMASYON SEKIRITE POU 15 BIS KI KINBE KINZ MOUN.....	14
CHAPIT 4	
POU MONTRE AK AFICHE DOKIMAN.....	15
MONTRE LISANS-OU	15
AFICHE FOM DEKLARASYON KONDISYONS POU TRAVAY-LAN.....	15

CHAPIT 5

REGLEMAN POU SANTE AK SEKIRITE	16
SANITASYON NAN JADEN-AN.....	16
LWA KI REGLE TRAVAY TI MOUN.....	17
LWA KI REGLE CONPANSASYON SI MOUN YO BLESE NAN TRAVAY	17

CHAPIT 6

POU PAYE TRAVAYE KI TRAVAY NAN JADEN.....	18
DOSYE OU FE LAN CHAN POU TRAVAYE-YO	18
PEMAN NOTIFIKASYON.....	18
DOSYE PEMAN OUBYEN DOSYE KOB.....	19
KONPANSASYON POU SI TRAVAYE-A- PA-P TRAVAY	19
RESPONSABILITE OU GENYEN POU LOT PEMAN.....	19

CHAPIT 7

INTERDIKTION NAN LWA-A, PLENT, JIJMAN AK PENALITE.....	20
INTERKDIKTION NAN LWA-A.....	20
PLENT TRAVAYE KI TRAVAY NAN JADEN	20
PLENT ADMINISTRATIF	21
PENALITE	21
AKSEPTE KORESPONDANS KI VINI PA LAPOS.....	22
INDIKASYION YON AJAN YON AJEN KI REJISTE.....	22

CHAPIT 8

KI JAN EGZAMEN-FET.....	23
EGZAMP KEKSYON POU ESEYE	23
REPONS POU KEKSYON OU SOT ESEYE-YO	25
KONSEY KIJAN POU PRAN EGZAMEN-AN.....	26

CHAPIT 9

DEFINISYON	27
-------------------------	-----------

ENTRODIKSYON

Lwa ki regle rejistrasyon pou moun k-ap travay nan jaden nan Florida-a (Florida Farm Labor Registration Law) te change en 1990. A pati de le premye jyiye 1992, tout kontraktè k-ap travay nan jaden oblije pran e pase egzamen kontraktè pou moun k-ap travay nan jaden nan Florida-a (Florida Farm Labor Contractor Test) anvan ke moun-nan resevwa on sètifika rejistrasyon kontraktè pou moun k-ap travay nan jaden nan Florida-a (Florida Farm Labor Contractor Certificate of Registration).

On gwoup kontraktè pou moun k-ap travay nan jaden nan eta Florida-a te idantifye e te aprouve enfòmasyon ki nan egzamen pou moun k-ap travay nan jaden. Moun nan biwo pwogram agrikiltirèl (Bureau of Agricultural Programs) ak ofisyè ki la pou wè ke tout bagay korèk (Compliance Officers) te revize enfòmasyon-an tou. Gwoup moun ki devlope egzamen-an te itilize enfòmasyon anpil kote, pa egzanp, yo itilize law ki regle rejistrasyon pou moun k-ap travay nan jaden nan Florida-a (Florida Farm Labor Registration Law); yo pale ak kontraktè, traveyè k-ap travay nan jaden, ak reprezantan biznis agrikiltirèl; yo itilize egzamen pou moun eseye; e yo itilize pwop eksperyans-yo ak jijman pwofesyonèl-yo.

An 2010, Legislatif Florida dekrete kelke chanjman lan lwa pou moun k-ap travay nan jaden nan Florida-a (Farm Labor Registration Law). Lan liv sa-a w-ap jwenn tout chanjman-yo e yo devlope ti liv sa-a pou li ede-ou prepare pou egzamen-an. Lape ba-ou tout bagay ou bezwen pou pase egzamen-an. Liv sa-a pa la pou li ranplase lwa ki regle rejistrasyon pou moun k-ap travay nan jaden nan Florida-a (Florida Farm Labor Registration Law).

SI OU BEZWEN ASISTANS AVÈK APLIKASYON:

Depatman ki regle Biznis e Rejistrasyon Profesyonèl (Department of Business and Professional Regulation (DBPR) pou moun k-ap travay nan jaden nan Florida-a ape ba-ou adrès e nimero telefòn de tout ofis ki lan Florida ki rejistre moun k-ap travay nan jaden (kontraktè) e li k-ap asiste-ou avèk aplikasyon.

LÈ OU AKSEPTÈ LISANS POU TRAVAY NAN JADEN OU DAKO POU:

Obeyi tout lòt lwa eta-a ak lwa federal, ak règleman ki gen rapò ak travay-ou, menm si yo pa mete-yo nan egzamen-an. EGZANP: lwa trafik, règleman pou sante ak sekirite; law dwa moun, lwa inpò federal ak eta.

KOMAN POU UTILIZE LIV SA-A

Liv-sa-a genyen enfòmasyon ki pi inpòtan nan lwa ki regle rejistrasyon pou moun k-ap travay nan jaden nan Florida-a (Florida Farm Labor Registration Law). Se enfòmasyon sa-a ki nan egzamen kontraktè pou moun k-ap travay nan jaden nan Florida-a. W-ap jwenn tout enfòmasyon ou bezwen pou reponn kesyon nan egzamen-an nan ti liv sa-a. W-ap oblije bay tèt-ou anpil tan pou etidye ak aprann enfòmasyon-yo.

KAT (4) ETAP POU UTILIZE LIV-LA

Lè ou kòmanse etidye liv sa-a, w-ap remake on seri de keksyon nan on rektangle ki an bas chak paj. Yo rele rektangle sa-a “Rektangle ki pou ede-ou sonje” (recall box). Suiv kat (4) etap sayo pou itilize “Rektangle ki pou ede-ou sonje” lè wap etidye.

- Premye etap: Li pati ou bezwen-an.
Dezièm etap: Kouvri minm pati sa ak on papye, epi li keksyon ki nan rektangle ki pou ede-ou aprann enfòmasyon-an.
Twazièm etap: Eseye reponn keksyon-yo. Si ou repete repons-yo fò (pou moun tande), sa ap ede-ou aprann enfòmasyon-an.
Katrièm etap: Dekouvri pati-ou te li-a, tcheke pou wè si ou te respon keksyon-yo jan ou dwe reponn-yo.

Repete kat (4) etap sa-yo jiskaske ou sètin ou konnen enfòmasyon ki nan pati-a. Epi ale nan lòt pati-a.

Chapit 8 bay egzanp sou tès kesyon ak yon repons kle. Kle reponn a bay kòrèk repons pou chak keksyon ou fèk eseye-yo e nimewo paj la kote ou jwen repons-lan.

Chapit 9 bay definisyon mo-yo. Li trè inpòtan pou repase definisyon ke yo ba-ou pou ka-p konprann ti liv-sa.

Lè ou fini etidye tout ti liv-la, reponn li repase tout egzamp ke ou eseye reponn nan Chapit 8. Epi revize tout ti liv-la nèt pliziè fwa anvan ou pran egzamen-an.

CHAPIT 1**KOMAN POU ANREJISTRE KÒM KONTRAKTÈ K-AP TRAVAY NAN JADEN NAN FLORIDA-A (FLORIDA FARM LABOR CONTRACTOR (FLC))****KI ÈS KI DWE APLIKE POU ON LISANS?**

Ou bezwen on lisans kontraktè pou k-ap travay nan jaden nan Florida-a (Florida Farm Labor Contractor license (FLC)) si:

- yo peye-ou pou rekrit travayè, anplwaye, transpòte, sipèvize, oubyen ou peye youn ou plis travayè ki travay nan jaden nan Florida-a.
- on twaziem pati (on lòt kontrakte k-ap travay nan jaden) peye-ou pou kondyi travayè nan travay ak pou mennen-yo tounen.
- w-al chache travayè ki travay nan jaden oubyen si w-ap kite Florida pou mennen-yo travay nan on lòt eta.
- ou anplawe lòt kontraktè k-ap travay nan jaden pou travay pou-ou an favè yon twazyem pati.

Tout chèf ekip (crew leader) ki travay pou-ou dwe genyen on bon lisans de kontraktè ki travay nan jaden.

Car-poolers—Vle di on travayè k-ap kondui prop machin yon ka mennen lòt travayè nan jaden avek-li epi mennen-yo tounen, min twazyem pati oubyen ou lot moun (Chef ekip obyien kontrakte) pa kapab peye travayè yo. Sèlman travayè ki vini ansann ak yo. Min yo PA bezwen gen lisans kontraktè.

- | |
|--|
| <ul style="list-style-type: none">• <i>Ki ès ki bezwen on lisans kontraktè pou moun k-ap travay nan jaden nan Florida-a?</i>• <i>Èske travayè k-ale nan travay nan machin ansanm bezwen on lisans kontraktè pou moun k-ap travay nan jaden nan Florida-a?</i> |
|--|

KOMAN POU APLIKE POU ON LISANS KONTRAKTÈ POU MOUN K-AP TRAVAY NAN JADEN NAN FLORIDA-A

Ou kapab aplike pou on lisans kontraktè nan ofice yo deziye pou sa. Kontak Depatman ki regle Biznis e Regleman Profesyonal (Department of Business and Professional Regulation), Customer Call Center (850. 487.1395), pwogram ki regle rejistrasyon pou moun ka-p travay nan jaden pou ap wè ki ofice ki pi prè lakay-ou. Pou aplike pou on lisans kontraktè pou moun k-ap travay nan jaden nan Florida-a, ou dwe ranpli on aplikasyon, fòk ou paye \$160.00 si se premye fwa w-ap fe lisans kontraktè oubyen \$125.00 pou renouvle lisans-yo. Yo pa-p remèt-ou lajan-an menm si yo pa ba-ou lisans-la.

Fòk ou pase egzamen lisans kontraktè pou moun k-ap travay nan jaden nan Florida-a anvan ke ou aplike pou lisans kontraktè nan Florida.

On lòt moun kapab ede-ou ranpli fòm-yo, men fòk ou sèten ke yo ranpli fòm-yo kòrèkteman. Fòk ou sèten ke tout bagay ou ekri nan fòm-yo se laverite. Depatman-on kapab pran lisans-la nan men-ou, yo kapab sispann lisans-la pou on ti tan, yo kapab refize renouvle lisans-la, oubyen yo kapab refize ba ou on lisans kontraktè pou moun k-ap travay nan jaden nan Florida-a si ou di nenpot ki bagay ki pa vre. Lè ou siyen non-ou sa vle di ke tout bagay ou ekri nan fòm-nan se laverite. **LÈ OU SIYEN NON-OU SA VLE DI KE OU KONPRANN SA KI EKRI NAN FÒM-NAN AK LWA KI REGLE REJISTRASYON POU MOUN K-AP TRAVAY NAN JADEN.**

- *Ki kote ou kapab aplike pou on lisans kontraktè pou moun k-ap travay nan jaden nan Florida-a?*
- *Ki de (2) bagay ou oblije fè pou aplike?*
- *Èske yo kapab remèt-ou lajan aplikasyon-an?*
- *Le ou siyen fòm-nan, ki-sa sa vle di?*

KOMAN POU RANPLI APLIKASYON-AN

Lè ou aplike pou on lisans kontraktè pou moun k-ap travay nan jaden nan Florida-a, ou dwe ranpli on aplikasyon. Nan aplikasyon-an, yo mande-ou keksyon pou ka idantifye-ou. Y-ap Kenbe enfòmasyon ou bay-la nan on dosye nan Depatman Biznes e Règleman Profesyonel (Department of Business and Professional Regulation).

- Lè ou aplike pou on lisans, ou oblije bay enfòmasyon sa-a:
- adrès pemanan-ou (**PA** on bwat postal)
- nimewo telefon-ou (si on gen youn)
- nimewo sekirite sosyal-ou
- nimewo lisans chofo-ou (pou kapab kondui travayè lan machin-la (Driving Authorization-DA)
- adrès postal kote yo kapab voye notifikasyon ak dokiman ba-ou (adrès-sa kapab on nimewo bwat postal.
- dat lè ou fèt
- deskripsyon tèt-ou, koulè cheve-ou, koulè je-ou, wotè-ou, grosè-ou, si ou se fi oubyen gason.
- kote ou fèt
- pi gro valè travayè ki pral travay avèk-ou ala fwa
- kòman travayè-prale nan travay ak kòman y-ap tounen
- Ki jan moun k-ap pwal rete
- non e adrès fizik de ajan ou chwazi pou aksepte lèt ki vini pa lapòs. (Ajan ki Rejiste).
- Eske ou pa yo te kondane de seten krim oubyen yon krim de twasyem nivo.

CHWAZI OU AJAN KI REJISTE: Chak moun ki aplike pou lisans kontraktè, fè ou chwazi ou moun kom ajan ki rejiste pou yo kapab aksepte lèt ki vini pa lapòs. Fè moun-sa lan kaye-la pandan tout lè biznis, e pui fè biznis-la ouvri de Lindi a Vandredi. Fè ou di moun-la ke ou bay non-el kom ajan ki rejiste. Adrès ajan-an fòk li genyen ou adrès fizik (pa on bwat postal).

Si ou pa sitwayen ameriken, w-ap oblije montre papyè-ou ke yo pèmèt-ou travay nan peyi-a.

Si ou gen entansyon bay TRANSPÒTASYON pou travayè-yo, fòk depatman aprouve machin-la (Gade nan Chapit 3).

Si ou gen entansyon KONDYI on machin ki transpòte travayè, fòk depatman aprouve-ou (Gade nan Chapit 3).

- *Ki ès ki kenbe enfòmasyon aplikasyon-an nan dosye?*
- *Èske ou kapab itilize on nimewo bwat postal kom adrès pemanan?*
- *Èske ou kapab itilize on bwat postal kom adrès postal pou resevwa lèt?*
- *Eske ajan ki rejiste kapab itilize on bwat postal kom adrès pou li aksepte lèt pou ou ?*
- *Bay senk (5) bagay ke ou oblije mete nan aplikasyon-an?*

EGZAMEN KONTRAKTE POU MOUN K-AP TRAVAY NAN JADEN

Egzamen kontraktè pou moun k-ap travay nan jaden kouvri sèlman lwa ak règleman rejistrasyon pou moun k-ap travay nan jaden. Tout sa ou bezwen pou pase egzamen-an nan ti liv sa-a. Men, tout sa ou bezwen konnen ak tout sa ou bezwen fè pou swiv lwa-a PA nan ti liv sa-a.

Ou kapab pran egzamen kontraktè pou moun k-ap travay nan jaden nan Florida-a an anglè, an panyòl oubyen an kreyòl ayisyen. Nan egzamen-an w-ap jwenn keksyon ke ou kapab reponn “vre oubyen “fo”. Si ou panse ke ou genyen difikilte pou li egzamen-an on moun kapab li egzamen-an pou-ou pou sa konprann lè w-ap pran egzamen-an. Ou kapab pran egzamen-an otan ke ou vle jistaske ou pase-li, men chak fwa ou pran egzamen-an fòk ou peye \$35.

Ou kapab peye pou aplikasyon-an ak egzamen-an pa Ckèk ki sètifye, chèk ke w-achte nan bank, oubyen money order.

On fwa ke ou pase egzamen-an, ou pa-p bezwen pran-li ankò sòf si:

- Divizyon fè-ou peye on amand pou ou Gwo Vyolasyon.
- Yo chanje egzamen-an pou kèk chanjman yo fè nan lwa-a
- Depatman-an revoke-li, sispann-li, refize renouvle-li, osinon refize ba-ou ou lisans.

SANT EKSAMINASYON AK ARANJMAN ORÉ

Kontak departman ki regle lisans kontraktè pou moun k-ap travay nan jaden, Customer Contact Center, a 850.487.1395 pou kon kote pou ale pou pran egzamen-a.

Lé ou pral pran egzamen-a, fòk ou rive nan ofice-la omoins 30 minit davans.

Fòk ou ginyen 2 kat idantifikasyon. Youn ladan doue genyen foto-ou kou lisans kondui-ou,

Ou pa kapab mennen pèsonn nan ofice-la, lè w-ap pran egzamen-a.

- *Eske ou kapab itilize liv-sa pou di-ou tout sa ou oblije konnen pou swiv law-a?*
- *Bay de (2) fason ou kapab peye lajan aplikasyon-an ak lajan egzamen-an?*
- *Eske ou kapab bay ou chèk pesonel-ou?*
- *Ki twa (3) rezon ki genyen ke yo kapab fè pou pran egzamen-an ankò?*

ANPRENT DWÈT

Letat Florida pa mande anprent dwèt ankò pou gen lisans kontraktè pou travay nan jaden. Men, Gouvènman Federal Depatman travay Etazini (US Department of Labor) bezoin anprent dwèt-ou lè ou aplike premyer fwa pou lisans kontraktè pou moun k-ap travay nan jaden, epi chak twa zan lè ou renouvle lisans ou.

POU RENOUVLE LISANS KONTRAKTÈ POU MOUN K-AP TRAVAY NAN JADEN NAN FLORIDA-A

Ou oblije renouvle lisans kontraktè-ou pou moun k-ap travay nan jaden nan Florida chak ane. Dabitid, lisans kontraktè pou moun k-ap travay nan jaden nan Florida-a fini nan dènye jou mwa ou fèt-la. W-ap jwenn dat ke lisans-la fini-an sou lisans-la. **Ou oblije aplike pou on lòt lisans 30 jou avan sèfifika-ou kòm kontraktè fini.** Ou dwe ranpli on fòm epi peye \$125 chak ane lè ou aplike pou renouvle lisans-ou.

LISANS ETA-A AK FEDERAL

Fòk ou ginyen ou lisans federal de konkratè pou travay nan jaden, oubyen aplikasyon ke ou voye-a pou renouvle lisans federal-la, fòk li kòrèt e konplèt epi fok Gouvènman Federal Depatman Travay Etazini resevwa-l trant (30) jou avan dat ekspirasyon federal-ou, avan ke Leta Florida ba-ou lisans kontraktè pou travay nan jaden. Pou gineyn federal lisans-la, pran kontak avek :

U.S. Department of Labor
Wage and Hour Division
Farm Labor Certificate Processing
90 Seventh Street, Suite 13-100
San Francisco, CA 94103
Phone: 1.415.241.3505

Ou oblije pase egzamen kontraktè pou moun k-ap travay nan jaden nan Florida-a epi tou, ou dwe ranpli on aplikasyon avan ke yo kapab anrejistre-ou kòm kontraktè pou moun k-ap travay nan jaden nan Florida-a. Ou pa kapab travay kòm kontraktè jiskaske ou genyen lisans eta-a ak federal-la nan men-ou. Si ou bezoin ranseyman pou lisans Florida-a, pran kontak avek :

Department of Business and Professional Regulation
Division of Regulation - Farm labor Program
2601 Blair Stone Road
Tallahassee, FL 32399-0783
Phone: 850.487.1395

Lè ou genyen tou lè de, lisans eta-a ak lisans federal-la, mete siyati-ou ak dat-la sou-yo. Pote-yo sou-ou nenpòt ki lè w-ap travay.

- *Ki lè lisans kontraktè ou fini ?*
- *Ki sa ou oblije fè pou renouvle lisans-ou ?*
- *Èske ou kapab kòmanse travay tou syit apre ou aplike pou lisans-ou?*

CHAPIT 2

POU KENBE KONTAK AVÈK DIVISYON KI REGLE PROFESYON AK REGLEMAN, PWOGRAM KI POU KONTRAKTÈ KAP TRAVAY NAN JADEN (DIVISION OF PROFESSIONS AND REGULATION, FARM LABOR PROGRAM)

Depatman ki regle profesyon ak regleman pou kontraktè kap travay nan jaden (Department of Business and Professional Regulation) gen responsabilite pou kenbe dosye kontraktè pou moun k-ap travay nan jaden, pou li bay lisans oubyen renouvle lisans kontraktè pou moun k-ap travay nan jaden, e pou li asire tèt li ke kontraktè-yo syiv law ki regle rejistrasyon pou moun k-ap travay nan jaden nan Florida-a. (The Florida Farm Labor Registration Law). Li trè inpòtan ke ou kenbe kontak avèk Depatman si ou genyen keksyon konsènan lwa-a, lajan yo ka fè-ou peye si ou pa syiv règleman-yo, oubyen enfòmasyon ou resevwa pa lapòs. Nimewo telefòn depatman se (850) 487-1395. Investigatè ki la-a pou wè si tout bagay-yo kòrèk se reprezantan Depatman ki regle Biznis e Rejistrasyon Profesional (Department of Business and Professional Regulation, DBPR) ou kapab kontakte-yo nan nimero telefòn ki enro-a.

CHANJMAN ADRÈS

Si ou chanje adrès postal-ou oubyen adrès pèmanan-ou, ou oblije fè depatman konnen TOUSWIT. Ou kapab fè ou lèt oubyen ou kapab ale lan depatman ki bo lakay-ou pou chanje adres-ou.

LÈT OU RESEVWA NAN MEN DEPATMAN-A

Depatman ap fè-ou konnen lè li genyen enfòmasyon ke ou dwe konnen. Ou responsab pou tout enfòmasyon yo voye ba-ou pa lapòs. Si ou pa fè depatman-a konnin ke ou chanje adrès, depatman ap panse tout notifikasyon ke yo voye-nan adrès ki nan dosye kòrèk. Ou responsab pou enfòmasyon-an menm si on lòt moun pran lèt-ou pou-ou, oubyen ke ou refize aksepte lèt-ou.

Chak moun ki fè ou aplikasyon pou travay nan jaden fè ou chwazi ou ajan pou aksepte lèt ki vini pa lapòs, notifikasyon penalite, oubyen papyè ofisyèl, oubyen dokiman legal pou-ou. Fòk ajan la pandan tout lè biznis, Lindi a Vendredi pou li aksepte papyè lan non kontraktè-a.

Sa vle di, anvan ke yo ba-ou lisans Kontraktè pou travay nan jaden nan Florida, fè ou bay depatman-an ou non moun pou resevwa papyè depatman voye pou ou, oubyen fòk ou bay adrès fizik moun-la, oubyen adrès ou biznis ki ouvri pandan lè normal pou yo k-ap siyen dokiman legal ke depatman-a voye pou-ou. Depatman ape toujou eseye delivre lèt lapòs lakay-ou anvan, min si yo pa kapab delivre lèt-la, y-ap voye-li lakay moun ou te bay kom ajan oubyen biznis ou te bay kom ajan.

Egzamp de ou Ajan ki Rejiste: Ou ajan ki rejiste vle di ou biznis oubyen on moun ki dakò pou li aksepte lèt lapòs pou ou. Fòk ajan gen pli gran ke 15 zan, e pi fòk li la pandan lè normal.

- *Pou ki sa li inpòtan pou kominike avèk depatman-a? (Depatman of Business and Professional Regulation?)*
- *Ki sa ou oblije fè si ou chanje adrès postal-ou oubyen adrès pèmanan-ou*
- *Ki sa k-ap pase si ou refize aksepte lèt-ou?*
- *Ki sa k-ap pase si on lot moun pran lèt-ou?*

CHAPIT 3

TRANSPÒTE TRAVAYÈ NAN JADEN AVEK KONDUI YO NAN JADEN

Ou kapab bay travayè ki travay nan jaden-yo transpòtasyon oubyen ou kapab kondyi on machin ke ou sèvi nan travay-ou.

Y-APE TESTE SOU SA-A MINN SI OU PA TRANSPÒTE OUBYEN OU PA KONDYI TRAVAYÈ NAN JADEN.

KONDUI TRAVAYÈ NAN JADEN

Pou kondui on machin k-ap transpòte travayè ki travay nan jaden, fòk depatman-on aprouve-ou. Pou li aprouve ou oblije:

- genyen on bon lisans kontraktè nan Florida-a
- genyen on bon sètifika doktè (ki bon pou 3 zan)
- genyen on bon lisans kondui (lisans-la dwe nan kategori ki kòrèk-la)
- genyen omwins 21 nan
- kapab pale ak konprann anglè.

Sètifika Doktè-a

Ou oblije fè on doktè egzaminen-ou pou yo sa sèten ke ou an bon sante ase pou transpòte travayè ki travay nan jaden. Anvan wale kay doktè-a, w-ap oblije pran on sètifika doktè (Fòm WH-515) nan depatman ki regle lisans kontraktè k-ap travay nan jaden. Fòk ou gade byen pou wè ke tout pati nan fòm-nan ranpli anvan doktè-a siyen-l. Si fòm-la pa byen ranpli, depatman-on ape retoune-l la kaye-ou epi yo p-ap ba-ou otorizasyon pou kondui travayè (Driving Authorization/DA). Sètifika-a bon pou 3 zan è depatman-a ap kenbe-l nan on dosye. Yo aksepte osi fòm Sètifika Egzamen Medikal Depatman Transpòtasyon-an (Department of Transportation-DOT) kòm prèv ke ou an bon sante ase pou transpòte travayè ki travay nan jaden.

Lisans Chofè

Tout lisans chofè nan Florida genyen on A, B, C, E oubyen CDL sou-yo pou montre ki kalite lisans moun-nan genyen. Kategori lisans ou oblije pran-an depann sou ki kalite machin ou pral kondui pou transporte travayè ki travay nan jaden. Si ou bezwen plis enfòmasyon, pran kontak avèk depatman lisans machin ki bò lakay ou-a (Division of Driver's Licenses, Department of Highway Safety and Motor Vehicles).

- *Ki senk (5) bagay yo mande-ou fè si w-ap kondui travayè ki travay nan jaden?*
- *Pou konbyen tan èske on sètifika doktè bon?*
- *Kijan pou fè konnen ki kalite lisans chofé ou bezwen.*

POU BAY TRANSPÒTASYON

Fòk Depatman aprouve machin ke ou transpòte travayè ki travay nan jaden. Pou li aprouve ou oblije:

- on bon lisans kontraktè pou travay nan jaden nan Florida-a.
- prèv asirans komèsyal pou machin-nan
- on bon afich enspeksyon pou machin-nan (mwens ké un an).

(Lwa Federal kapab mande lòt fòm. Tcheke avek US Depatman di Travay.)

ASIRANS POU GENYEN POU MACHIN

Ou oblije genyen asirans kòmèsyal pou machin ou itilize pou transpòte travayè.

Pou yo sa aprouve-ou pou transpòtasyon, lwa-a di ke ou oblije genyen on sèten kantite asirans pou chak machin ou itilize pou transpòte travayè. Fòk ou bay depatman-on on kopi sètifika asirans-ou. Konpayi asirans ou-a ap bay sètifika-a, e w-ap oblije montre pou konbyen lajan machin-yo asire, epi fòk li montre ki lè asirans komanze e ki lè li fini, e tout machin konpayi-a asire. Tcheke avèk depatma ki regle rejistrasyon pou moun k-ap travay nan jaden pou wè konbyen lajan ou dwe asire machin ou-yo. Fòk ou notifiye depatman omwen 30 jou anvan yo sispann asirans-ou. Yo mande sa menm si ou-menm oubyen konpayi sispann asirans-la sispann asirans-la.

ENSPEKSYON MACHIN

Chak ane ou oblije enspekte tout machin ou itilize pou transpòte travayè oubyen ou oblije afiche on afiche on afich enspeksyon ki soti nan on lòt eta. On mekanisyen nan on chòp oubyen nan on garaj, oubyen on mekanisyen ki okipe on pil machin kapab enspekte machin-nan.

Chak ane fòk ou enspekte chak machin ou itilize pou transpòte travayè. Depatman kapab fè ou peye ou amann si ou transpòte travayè lan machin ke enspeksyon espire, menn si otòrisasyon pou transpòte travayè-a bon.

Anvan w-ale nan garaj-la pou enspeksyon-an, ou dwe ale nan ofice yo deziye pou kontraktè k-ap travay nan jaden pou pran on fòm enspeksyon machin (Fom WH 514). Fok ou gade byen pou wè ke tout pati nan fòm-nan ranpli anvan ke mekanisyen-an siyen-li. Lè ou fini komplete fòm-la, fé trois kopi ; voye original-a lan gouvènman federal adrès-la nan pag 8, epi voye ou kopi lan depatman ki regle law pou kontrakte k-ap travay lan eta Florida (Department of Business and Professional Regulation) (adres-la nan pag 8).

- *Si ou bay moun transpòtasyon, ki sa pou ou bay depatman-an ?*
- *Ki kote ou kapab chache konnen ki kantite asirans machin ou bezwen ?*
- *Si Konpayi asirans ou-a pral sispann asirans-ou, ki lè li oblije fè depatman-on konnen?*
- *Ki (2) fason ou kapab fè sa yo mande-ou fè-a pou enspeksyon machin ?*
- *Ki es ki kapab enspekte machin-ou ?*
- *Ki kote ou kapab jwenn on fòm enspeksyon machin ?*

BAGAY YO MANDE POU MACHIN

Machin ke kontraktè itilize pou transpòte travayè dwe swiv règleman sa-yo nan Florida-a:

Kawotchou- Li trè sinpòtan ke ou kenbe kawotchou machin-nan an bon kondisyon. Fil pa kapab parèt nan deyò kawotchou-yo, e fòk pati ki atè sou rout-la an bon eta. Fòk tout kawotchou-yo kapab kenbe pwa machin-la. Kawotchou ki devan machin-nan pa kapab kawotchou ke yo te repare.

Plas Kote Pou Moun Chita - Genyen kèk règleman pouswiv ki genyen pou wè ak kote moun chita nan machin-nan:

Planche Machin-Nan - Fòk kote pou chita nan machin-nan pa genyen anyen sou li, pa egzanp, klou, fant, oubyen trou. Fòk pa genyen anyen ki soti anlè plis ke 2 pous nan planche machin-nan, paske bagay-la ka blese on traveyè.

Sou Kote Machin-Nan - Fòk panno sou kote machin-nan ak panno dèyè e devan-an omwen 60 pous de wotè e fòk panno-yo byen soude nan pati pèmanan machin-nan.

Chèz Kote Pou Moun Chita – Fòk chak travayè ki nan machin-nan genyen on kote pou li chita. Chak travayè dwe genyen omwen 18 pous de espas pa chèz. Fòk chèz-yo byen soude a tè nan machin-an. Si chèz-yo fèt an bwa, fòk yo pa genyen ankenn ti moso bwa k-ap parèt anlè. Ou oblije retire clou, vis ak ti moso bwa k-ap soti anlè nan chèz-la pou moun pa blese e pou sa proteje rad travayè-yo.

Pwoteksyon Lè Gen Move Tan - Fòk anwo tèt machin-nan, oubyen kouvèti ki anwo machin-nan genyen omwen 80 pous de wotè de planche. Fòk ou mare bagay ki kouvri tèt machin-nan oubyen plastik ki kouvri tèt machin-nan epi fòk yo kouvri sou kote machin-nan pou protege travay-yo lè gen lapli.

Kote Pou Moun Soti-Yo – Fòk moun kapab antre e soti nan machin-nan fasilman. Fòk kote pou moun soti-yo pa genyen anyen ki bloke-yo epi fòk yo pa fèmen. Fòk pòt nan machin-nan travay byen. Fòk genyen on kote pou moun soti, on baryè oubyen on pòt, nan deyò machin-nan oubyen sou kote a dwat machin-nan. Fòk espas kote pou moun soti-yo genyen omwen 18 pous de lajè ak 60 de wotè.

- *Ki kalite kondisyon pou kawotchou genyen?*
- *Eske ninpòt kawotchou kapab repare?*
- *Dekri atè on machin ki ka pase enspeksyon?*
- *Ki wotè èske panno sou bò machin-nan dwe ye?*
- *Konbyen chèz èske machin-nan dwe genyen?*
- *Èske chèz-yo dwe byen kole nan machin-nan?*
- *Ki sa ou oblije fè avèk clou, vis, ak ti moso bwa k-ap parèt anlè?*
- *Ki wotè èske plafon-an oubyen kouvèti machin-nan dwe ye ?*
- *Èske ou kapab sevi ak on kouvèti an plastik?*

Kote Pou Moun Soti-Yo Si Genyen Emejenssi – Si tout otou machin-nan fèmen, tankou on otobis, fòk li genyen on lot kote pou moun soti si gen emèjenssi. Fòk dezièm kote sa-a genyen on baryè oubyen on pòt, on bagay pou fèmen pòt-la ak on bagay pou moun kenbe. Si kote pou moun soti regilyèman-an-nan deyè machin-nan fòk kote pou moun soti si gen emèjenssi-a sou kote a DWAT machin-nan. Si kote pou moun soti regilyèman-an a dwat machin-nan, alò fòk kote pou moun soti si gen emèjenssi-a nan DÈYÈ machin-nan.

Nechèl Oubyen Eskalye – Ou Kapab utilize nechèl oubyen eskalye si ou bezwen-yo. Pa kapab genyen plis ke 12 pous ant mach nechèl-yo oubyen eskalye-yo. Mach ki pi ba-a pa kapab plis ke 18 pous de atè-a lè machin-nan oubyen otobis-la vid.

Pou Kominike Ak Chofè Machin-Nan – Si devan machin-nan (kote chofè-a chita-a) separe de kote traveyè-yo chita-a, fòk genyen on mwayen pou traveyè-yo kominike ak chofè-a (pa egzanp, on telefon, on bagay kote pou moun pale, on bagay pou sonnen, on bout kòd pou rale, oubyen lòt mwayen). PA oblije genyen fenèt oubyen trou.

Pwoteksyon Lè Fè Frèt – Fòk moun nan machin-nan gen pwoteksyon lè fè frèt. Men ou PA KAPAB itilize youn nan bagay sa-yo pou chofe machin-nan:

Aparèy Chofaj Ki Konekte Kote Lafimen Ap Soti Nan Machin-Nan – On aparèy chofaj k-ap voye van motè machin-nan kote moun chita.

Aparèy Chofaj Ki Sèvi Ak Flanm Dife Ki Pa Gen Kouvèti Sou-Li-
Nenpòt ki aparèy chofaj ki gen flanm dife ki pa kouvri.

Aparèy Chofaj ki kite gaz ladann-nan koule – Nenpòt ki aparèy chofaj ki ka vide gaz si machin-nan vire tèt anba oubyen si li vire sou kote.

Aparèy Chofaj Ki Pa Byen Kole Nan Machin-Nan – Nenpòt ki aparèy Chofaj ki pa byen kole nan machin-nan. Ou PA KAPAB sèvi ak aparèy chofaj pòtatif.

Esuivit Pou Siye Vit Machin-Nan – Fòk machin-yo genyen omwen 2 esuivit youn nan chak bò vit machin-nan.

Bagay Pou Etenn Dife – Si machin-nan ap pote travayè plis ke 75 mil, li oblije genyen on bagay pou etenn dife.

- *Kalite machin ki oblije genyen pòt emèjenssi (si genyen dange)?*
- *Ki kote pòt emèjenssi-yo dwe ye ?*
- *Lè ou machin vid, ki wotè eske mach eskalye ki pi ba-a dwe ye?*
- *Eske ou oblije genyen on fenèt pou chofe machin-nan ak travayè yo?*
- *Ki kalite pwoteksyon machin-nan oblije bay pasaje-yo?*
- *Koubyen esuivit machin-nan dwe genyen, e ki kote yo dwe ye ?*
- *Ki kalite aparèy chofaj ou PA kapab itilize nan machin-nan?*

Glas Pou Chofè-A Wè Dèyè Machin-Nan - Fòk tout machin genyen on glas deyò, sou bò chofè-a pou chofè-a ka wè dèyè. Epi tou fòk machin-yo genyen on glas anndan machin-nan ki ka pèmèt chofè-a wè byen dèyè OUBYEN on glas sou kote pasaje-a pou chofè-a ka wè deyè.

Klaksòn Machin-Nan – Fòk machin-yo genyen on klaksòn ki travay ki ka fè on gro bryi.

Limye Nan Machin-Nan – Fòk machin-yo genyen limyè devan ki travay (limyè nomal ak limyè abim), limyè dèyè machin-nan, limyè fren dèyè machin-nan, ak limyè siyal lè machin-nan, ak limyè siyal lè machin-nan ap vire.

Fren Nan Machin-Nan – Fòk machin-yo genyen pedal fren ak fren ijans lè machin-nan pake. Fòk fren-yo travay byen.

Vit Devan Machin-Yo – Fòk vit devan machin-nan pa genyen nenpòt ki ti fant ki ka anpeche chofè-a wè.

FÈ ATANSYON: Depatman Transpòtasyon-an (Department of Transportation) genyen tout on lis bagay yo mande pou machin yo itilize pou transpòte travayè ki travay nan jaden. Gade nan dèyè fòm enspeksyon machin-nan (Fòm WH-514) pou enfòmasyon sa-a.

- *Koubyen esuivit ke machin-nan dwe genyen, è ki kote yo dwe ye?*
- *Ki lè ke on machin dwe genyen on bagay pou tiye dife?*
- *Koubyen glas ke on machin oblije genyen, è ki kote yo dwe ye?*
- *Ki sa ou oblije fe pou klakson machin-nan?*
- *Ki kat (4) limyè èske yo pral enspekte?*
- *Ki kalite fren ke machin-nan dwe genyen?*
- *Dekri ki jan on vit devan machin-nan kapab pase enspeksyon?*

ENSPEKSYON MACHIN NINPÒT KI LÈ

Memm si ou genyen on enspeksyon ki bon e valab pou machin-nan, insvestigatè ki reprezante depatman-a (Department of Business and Professional Regulation (DBPR), la pou wè ke tout bagay korek-la ginyen dwa pou'l tcheke machin-ou pou'l verifye si'l an règ ak lwa sekritite ninpòt ki lè li vle. Ou oblije kenbe machin ou-an an bon kondisyon tout tan.

INFOMASYON SEKIRITE POU BIS KI KINBE OUBYEN KI POTE KINZ MOUN

Bis ki pòté kinz moun chaviré pi vit pasé lòt machin. Bis sa yo pi difisil pou kondwi lè ou genyen pou vire volan vit si kawotchou-w soti sou rout la, osinon lè yon lot chofe vire devan-w, osinon lè ou rantrè nan yon dlo. Bis sa yo pran plis tan pou yo frennin. Nan lis an ba la w-ap jwen reg ke ou oblijé swiv lè w-ap kondwi bis sa yo.

1. Pa janm plin bis la tròp. Ki vle di ke ou pa ginyen dwa pran plis ke kinz moun, epi chofè-a konté la dan'l tou.
2. Lè ou pa genyen anpil moun nan bis la lè w-ap kondwui, fè yo chita devan.
3. Lè ou genyen kinz moun nan bis la fòk laplipa tout pwa yo al dévan.
4. Ou pa genyen dwa mete ekipman ak lot bagay sou tèt bis la ni anwo tet deyè-a.
5. Ou pa genyen dwa kondui pi vit ke limit vitès rout la.
6. Si rout yo mouye kondui dousman.
7. Fò ke ou asire ke kawotchou yo bon epi yo plin lè.
8. Kinbé byen, pa kité moun distrè-w. Fòk ou pa kondui lè-w bouké osinon si-w t-ap bwe alkol oubyen ou pran drug.
9. Al pran yon kou ki apran ou sekirite pou lè w-ap kondui.
10. Fè sa ou kapab pou pa kondui sou aiwe. Si ou ginyen pou kondui sou li, fè mwens vitès ké limit la. Kinbé plis distans ant ou min-m ak lòt machin yo. Fèt atansyon pou gro van, epi toujou prè pou tout sa ki pral rivé.
11. Asiré-w ke tout moun meté sintiron sekirite.

- *Ki senk (5) bagay pou fè pou protejé pasaje-yo ki lan bis-la?*
- *Èske ou gin dwa pou mété ekipman sou tè-t bis la oubyen anwo tèt deyé-a?*
- *Si mwen fè mwens vites kée limit la bis ape plis proteje?*

CHAPIT 4

POU MONTRE AK AFICHE DOKIMAN

MONTRE LISANS-OU

Nenpòt ki lè w-ap travay nan Florida kòm kontraktè pou moun k-ap travay nan jaden, ou oblije genyen lisans kontraktè federal e leta florida sou-ou. Ou oblije montre lisans yo anvan ou chache travayè oubyen chofè pou travay pou-ou. Nenpòt ki lè on moun nan Depatman-an mande-ou wè lisans kontraktè-ou, ou oblije montre-li.

POU AFICHE FÒM DEKLARASYON KONDISYONS POU TRAVAY/TRAVAYÈ ENFÒMASYON, TÈM AK KONDISYONS POU TRAVAY

Ou oblije afiche on kopi fòm Deklarasyon kondisyon Travay-la (Statement of Working Conditions) epi on kopi fòm Enfòmasyon Pou Travayè, Tèm ak Kondisyon Travay-la (Worker Information-Terms and Conditions of Employment) kote travayè-yo ap travay-la ak nan chak machin ou itilize pou transpòte travayè. Ou dwe afiche fòm-nan on kote yo kapab wè-li fasilman. Ou oblije ranpli tout fòm-nan nèt. Fòm-nan dwe montre ki kalite travay w-ap fè lè sa-a.

Tout enfòmasyon ki sou fòm-nan dwe kòrèk e li dwe bon lè ou afiche li-a. Si enfòmasyon-an chanje chak jou, ou dwe chanje fòm-nan chak jou. Ou dwe ekri enfòmasyon-an an anglè e lang travayè-yo pale. Tout travayè-yo dwe kapab li oubyen konprann enfòmasyon-an. **Ou dwe mete enfòmasyon sa-a nan fòm-nan:**

- Konbyen travayè-yo pral touche
- Kote travayè-yo pral touche
- Si w-ap peye travayè-yo pa jou oubyen pa semèn
- Asirans pou lè malè rive travayè nan travay-la (Workers' Compensation)
- Ki aranjanman ou fè pou transpòtasyon travayè-yo
- Nimewo lisans Kontraktè pou moun k-ap travay nan jaden nan Florida-a
- Non anplwaye ke kontraktè-a ap travay pou li-a
- Dat kòmansman ak fin peryod ke travayè-yo ap touche-a
- Infòmasyon kay publik si ou bay kay.
- Non kontraktè pou moun k-ap travay nan jaden ak adrès postal-li
- Konbyen lajan anplwaye-an ap peye kontraktè k-ap travay nan jaden-an.

Ou Kapab Jwenn on kopi fòm Deklarasyon Kondisyon Travay-la, epi fòm Enfòmasyon Pou Travayè, Tem ak kondisyon Travay-la nan ofice yo deziye pou sa, oubyen nan Depatman-an, oubyen nan men Investigatè ki regle moun k-ap travay nan jaden.

- *Ki lè ou oblije pote lisans-ou sou-ou?*
- *Ki es ou oblije montre lisans-ou?*
- *Ki kote ou oblije afiche fòm Deklarasyon Kondisyon Travay-la/Fòm Enfòmasyon Pou travay-la?*
- *Eske ou k-ap kite on pati fòm-nan vid?*
- *Konbyen jou ou genyen pou rapòte chanjman fòm-nan?*
- *Nan ki lang èske fòm-nan dwe ekri ?*
- *Ki enfòmasyon ki dwe nan fòm Deklarasyon kondisyon Travay-la/Enfòmasyon Pou Travay-la?*
- *Ki kote ou kapab jwenn kopy fòm-yo?*

CHAPIT 5

REGLEMAN POU SANTE AK SEKIRITE

Sante ak sekirite travayè ou-yo enpòtan pou sa fè travay-la. Eta Florida-a mande-ou, kòn kontraktè pou moun k-ap travay nan jaden, pou swiv sèten regleman sante ak sekirite.

SANITASYON NAN JADEN-AN

Fòk genyen watè, on kote pou travayè-yo lave men-yo, ak dlo pou bwè pou travayè-yo.

BAGAY POU BAY POU SANITASYON NAN JADEN-AN		
Kantite moun	Watè	Galon dlo pou lave min
5-20	1	1
21-40	2	2
41-60	3	3
Etc. chak 20		

Watè – Fòk watè-yo nan distans on ka (1/4) mil de mach (440 "yards") de ki kote pifo travayè yo ye. Fòk watè-yo genyen pòt ki ka fèmen pou kont-yo e ke yo ka klete pa anndan. Fòk wa-yo fèt de fason ke moun-yo ka degaje-yo san ke lòt moun pa wè-yo. Twalet-yo dwe pròp e ou oblige genyen papyè ijyenik.

Dlo Pou Lave Min. Dlo pou moun lave min yo-a dwe pòtatif, e fòk dlo-a bon pou moun bwè. Ou dwe bay savon oubyen lot bagay pou lave min, sèvyèt an papyè ke yo kapab jete apre yo sèvi avèk-yo ak on panye pou jete sèvyèt an papyè sal-yo, apre yo fini sèvi avèk yo-a. Fòk Galon dlo ou kote moun lave min yo-a pa koze pwoblèm sanitasyon nan jaden-an.

Lojeman (Caye) – Si ou minnin travayè k-ap travay nan jaden nan ou chan, caye, oubyen ou lot kote pou yo rete, fòk lojeman-an genyen sekirite ak ijjene. Menm si ou pa responsab pou lojeman-an oubyen caye-yo, yo kapab ba-ou on amand si ou kite travayè-yo rete on kote ki pa bon.

Fòk gouvènment federal aprouve lojeman pou travayè k-ap travay nan jaden. Anvan ke gouvènment federal aprouve-l, fok Departman de Sante (Department of Health) inspekte lojeman.

- *Konbyen watè ak konbyen kote pou moun lave men-yo ou oblige bay ?*
- *Ki kote watè-yo dwe ye?*
- *Eske watè-yo oblige gen kadna?*
- *Ki sa ou oblige bay avèk galon pou moun lave men-yo ?*
- *Pou ki sa pou pran prekosyon avèk dlo ke moun lave men yo-a ?*
- *Eske ou kapab pran on amand si ou bay travayè ou caye oubyen ou lojeman ki pa bon ?*

Dlo Pou Bwè – Mete dlo pou moun bwè-a nan on bagay potatif ki fèt avèk on materyèl lis ki pa p wouye oubyen koule. Fòk ou ekri **DLO POU BWE** (an kreyol) sou bagay ki gen dlo pou moun bwè-a, oubyen ou kapab ekri-li nan lang ke plis valè travayè-yo pale.

Fòk ou bay vè an papyè (ke travayè-yo kapab jete apre yo sèvi avèk-yo) pou travayè-yo pa bwè nan menm vè-a. Ou **PA** bezwen bay vè si dlo-a ap soti nan on fontèn dlo. Fòk dlo-a frèt. Si ou itilize glas pou fè dlo-a frèt, fòk glas-la fèt ak dlo ke moun kapab bwè.

LWA KI REGLE TRAVAY TI MOUN (CHILD LABOR LAW)

Kòm kontraktè pou moun k-ap travay nan jaden, ou oblije konnen lwa ak swiv regleman lwa ki regle travay ti moun nan Florida-a (Florida Child Labor Law). Travayè-yo dwe genyen omen 14 zan daj. Travayè ki genyen ant 14 e 16 zan dwe ale lekòl paske nan Florida-a gen on lwa ki oblije ti moun ale lekòl (Compulsory School Attendance Law).

Person ki genyen mwens ke 18 an laj ka travay pandan gen lekòl, amwen ke yo nan on pwogram 'co-op', gen pèmisyon ekri sipèntandan lekòl (school superintendent), oubyen ke yo gen on diplòm "GED" nan men-yo. Ti moun ki gen pi piti ke 16 zan pa kapab travay avèk pestisid oubyen lòt bagay toksik (pwodyi chimik ki ka rann ti moun-nan malad). Ti moun ki gen pi piti ke 14 zan kapab travay nan jaden fanmi-yo sèlman.

Kontraktè pou moun k-ap travay nan jaden oblije kenbe nan on dosye prèv laj tou travayè ki gen pi piti ke 18 tan daj. Ou kapab itilize nenpot nan bagay sa-yo pou pwove laj travayè-a; lisans pou kondui machin, sètifika nesans, paspò, viza, oubyen on sètifika laj nan lekòl travayè-a. Si investigatè ki la-a pou wè si tout bagay korèk-la mande-ou wè prev laj travayè-yo, ou oblije montre li.

LWA KI REGLE COMPANSASYON SI TRAVAYE-YO BLESE NAN TRAVAY (WORKERS' COMPENSATION LAW)

Fòk travayè ki travay nan jaden genyen asirans si yo blese nan travay-la (Worker's Compensation insurance). Tcheke avek biwo nan Florida-a ki regle konpansasyon pou travayè ki blese nan travay (Florida Disision of Workers' Compensation, Department of Financial Services, Office of Insurance Regulation) pou sa sèten ke w-ap swiv regleman-yo.

- *Ki jan pou ekri bagay ki gen d'lo pou moun bwe ladan-li?*
- *Ki kalite vé pou bwe ou oblije bay avek dlo-a?*
- *Eske ou kapab sevi ak glas pou refwadi dlo-a?*
- *Ki laj travayè k-ap travay nan jaden dwe genyen ? _____*
- *Ki laj travayè-yo dwe genyen si yo pral travay avek pwodyi ki toksik ?*
- *Eske ti moun ki gen pi piti ki 14 zan ka janm travay nan on jaden?*
- *Ak ki dokiman ou kapab sevi pou pwouve laj ti moun?*
- *Eske travayè ki travay nan jaden dwe genyen asirans pou si yo blese nan travay la (Workers' Compensation Insurance).*

CHAPIT 6

POU PAYE TRAVAYE KI TRAVAY NAN JADEN

Chapit sa-a se pou kontraktè ki peye travayè ki travay nan jaden.

MENM SI OU PA PEYE TRAVAYÈ KI TRAVAY NAN JADEN, FÒK OU PASE EGZAMEN SOU ENFÒMASYON SA-A.

Kòm Kontraktè pou moun k-ap travay nan jaden, ou oblije bay travayè-yo enfòmasyon sou lajan y-ap touche-a regilyèman. Omwen de (2) fwa pa mwa, ou oblije bay ou Peman Notifikasyon (Notice of Payment) oubyen salè deklarasyon ki montre tout dediksyon, kom ou souch check-la (pay stub).

DOSYE OU FÈ LAN CHAN POU TRAVAYÈ-YO :

Kontraktè k-ap travay nan jaden ki sipevize, oubyen ki peye travayè-yo, fòk nou kebin dosye kòb pou chak travayè an od, fòk dosye-a montre konbyen lè de tan yo travay, e/o vale de sa yo keyii, epi kobyen yo touche pou sa yo fe.

PEMAN NOTIFIKASYON/SALÈ DEKLARASYON

Peman Notifikasyon-an fom-nan epi Salè Deklarasyon (oubyen souch chek-yo) oblije montre tout enfòmasyon sa-yo:

- konbyen lajan ou peye travayè-a
- konbyen è de tan travayè-a travay
- konbyen lajan travayè-a touche pa è OUBYEN (si travayè-a touche sou kouraj) bay non rekòlt-la, konbyen travayè-a touche sou kouraj, ak valè ke travayè-a te ranmase.
- non kontraktè pou moun k-ap travay nan jaden-an
- nimewo idantifikasyon federal ak nimewo lisans Florida kontraktè pou moun k-ap travay nan jaden-an
- tout lajan ou retire nan chèk travayè-a
- dat ke peryòd chèk-la kòmanse ak fini
- dat ke travayè-a touche
- lajan ou retire pou kote travayè-a rete oubyen pou manje (si ou te retire lajan pou sa).

Kontraktè pou moun k-ap travay nan jaden-an oblije kenbe kopi foòm peman notifikasyon-an (Notice of Payment) ak tout dosye penman epi sou chek-yo pou twa (3) zan. Fòk dosye sa-yo disponib pou Depatman-la enspekte, e ou oblije kenbe dosye sa-yo an od. Ou oblije kenbe dosye-yo an od alfabetik selon non fanmi travayè-yo.

- | |
|--|
| <ul style="list-style-type: none"> • <i>Ki sa ou oblije bay travayè-yo omwen de (2) fwa pa mwa?</i> • <i>Ki enfòmasyon lajan ou oblije bay travayè-yo?</i> • <i>Ki kopi ke kontraktè pou moun k-ap travay nan jaden oblije kenbe ?</i> • <i>Pou Konbyen tan ou oblije kenbe kopi sa-yo ?</i> • <i>Eske nenpot ki moun kapab gade dosye ou-yo ?</i> • <i>Ki jan ou dwe ranje dosye-yo ?</i> |
|--|

DOSYE PEMAN OUBYEN DOSYE KOB (PAYMENT RECORDS)

Kontraktè pou moun k-ap travay nan jaden oblije kenbe tout dosye paman pou twa (3) zan. Fòk dosye-yo genyen bagay sa-yo men pa nesèsman bagay sa-yo sèlman:

- paman pou sekirite sosyal
- lajan ou retire pou “income tax”
- depans pou transpòtasyon
- depans pou manje

KONPANSASYON POU SI TRAVAYÈ-A PA-P TRAVAY (UNEMPLOYMENT COMPENSATION)

Tout Kontraktè pou moun k-ap travay nan jaden ki peye travayè-yo oblije depoze lajan nan sosyal pou lè travayè-yo pa-p travay (Unemployment Compensation Trust Fund). Fòk paman sa-yo fèt omwen chak **twa (3) mwa** oubyen chak **qwatè** men ou kapab depoze lajan-an pi souvan. Si lajan ou peye travayè-yo pi fò ke di mil dola (10,000) pou nenpot ki **qwatè** oubyen **twa (3) mwa** pa ane-a, OUBYEN si ou anplawye 5 oubyen plis travayè pandan nenpot ki 20 semèn pandan ane-a, ou oblije peye tax pou tout ane-a pou lè travayè-yo pa-p travay (unemployment taxes).

RESPONSABILITE OU GENYEN POU LÒT PEMAN

Ou genyen on responsabilite legal pou swiv tout lòt lwa eta ak federal ki regle paman travayè ki travay nan jaden. Ou oblije retire lajan “income tax” ak lajan pou sekirite sosyal nan lajan travayè ki travay nan jaden-yo ap touche-a. Epi fòk ou swiv tout regleman federal ki la pou fè tout travay mache byen (Federal Fair Labor Standards Act).

Si ou genyen nenpòt ki keksyon sou fason ou peye travayè ki travay nan jaden, oubyen si ou genyen keksyon sou regleman sa-yo, ale lan ofis Depatman de Ekonomik Oportinite Florid, Biwo Assistans pou Travay (Florida Department of Economic Opportunity, Reemployment Assistance) pou pran ransèyman.

- *Ki kalite dosye kob kontraktè pou moun k-ap travay nan jaden oblige kenbe ?*
- *Konbyen fwa ou oblije peye lajan pou lè travayè-yo pa-p travay (unemployment compensation)?*
- *Ki ès ki dwe mete lajan nan sosyal pou lè travayè-yo pa-p travay (unemployment compensation)?*
- *Ki de (2) lajan federal ou oblije retire nan sa travayè-yo ap touche-a?*
- *Eske lwa federal ki la pou wè ke tout travay fè byen (Federal Fair Labor Standard Act) aplike pou kontraktè moun k-ap travay nan jaden?*

CHAPIT 7

INTERDIKTION NAN LWA-A, PLENT, JIJMAN AK PENALITE

INTERDIKTION NAN LWA-A

Kontraktè k-ap travay nan jaden pa kapab anplawye okenn moun ki pa gen lisans kontraktè, osi moun k-ape aji kòm kontraktè san ke li pa genyen lisans kontraktè. Moun ke kontraktè-a anplawye fòk li gen lisans.

Kontraktè k-ap travay nan jaden pa kapab fè travayè-yo achte nan min-yo sèlman, oubyen lan lòt moun k-ap travay pou kontraktè-a.

Kontraktè k-ap travay nan jaden oubyen ajèn ki reprezante kontraktè-a, kòm sipevize travayè-yo e moun k-ap travay pou kontraktè pa kapab chajè travayè-yo plis ke sa-a achte, pa egzamp, pou caye, manje, dlo, ou lot bagay.

Kontraktè k-ap travay nan jaden pa kapab pran revenje sou travayè-a ki pote plent pou-yo oubyen ki patisipe lan-ou investigasyon kontre-ou.

Kontraktè k-ap travay nan jaden pa kapab mete travayè yo lan danje, kom lan travay, machin, oubyen nan caye.

PLENT TRAVAYE KI TRAVAY NAN JADEN

Si ou moun kwe ke ou pa-t swiv regleman biwo ki regle rejistrasyon pou moun k-ap travay nan jaden nan Florida-a (Florida Farm Labor Registration Law), yo kapab pote plent sou-ou nan departman-a. Nempòt ki moun oubyen on travayè kapab pote plent-la. departman-an ap tcheke tout plent li resevwa sou-ou.

Kòm kontraktè pou moun k-ap travay nan jaden, ou oblije mete tout dosye-ou a dispozisyon reprezantan departman-an pou enpeskyon. Lè departman-an resevwa on plent, departman ap envestige-li. Li enpotant ke ou ede nan envestigasyon-an.

- *Bay sink (5) bagay ki interdi?*
- *Ke es ki kapab pote plent nan departman-an?*
- *Ki sa departman-on fè avèk plen li resevwa?*
- *Ki ès ki kapab enspekte dosye ou-yo?*

PLENT ADMINISTRATIF

Si depatman-an wè ke ou vyole lwa-a, y-ap voye on plent administratif (administrative complaint) ba-ou. Ou gen dwa pou mande on jijman pou defann tèt-ou. Si ou pa ekri yon repons nan 21 jou, w-ap pedi dwa pou mande jijman-an.

Divizyon Jijman Administratif-la (the Division of Administrative Hearings) ap eseye bay jijman-an nan men on ofisye oditè (hearing officer) ki pi pre adrès pa-w ke yo genyen nan dosye wou. Jijman-an, tou lè de bò-yo ap gen on chans pou plede kòz-yo. Si ou kwe ke ou **PA-T** vyole ankin lwa, ou gen dwa mande on odyans fòmèl oubyen on jijman fòmèl (formal hearing). Si ou dakò ke ou te vyole lwa, ou kapab mande on odyans enfòmèl oubyen on jijman enfòmèl (informal hearing), menn si pwoblèm-nan se on bagay serye. Dan tou lè ka, li enpòtant ke ou ede nan investigasyon-an si gen on plent administratif kont-ou. Ou genyen dwa pou mennen yon avoka avèk-w nan jijman-an, men se wou ki pral peye-l.

PENALITE-YO

Depatman-an kapab sispann, revoke, refise, renouvle, oubyen refise ba-w lisans kontraktè pou moun kap travay nan jaden nan Florida. An plis de sa, depandan nivo yon violasyon, yo kapab fè-w peye yon kontravansyon ki ka rive jiska \$2,500 pou chak violasyon. Yo mete kob kontravansyon ke yo resevwa nan on kes jeneral eta Florida (State of Florida Revenue Fund) Investigatè ki la pou wè ke tout bagay kòrèk pa kinbe lajan-an.

YON TI VIOLASYON. Lwa enregistreman pou kontraktè k-ap travay nan jaden se yon krim dezyèm nivo ki genyen yon penalite kriminel ak yon konsekans de \$500 osinon 60 jou nan prison anplis de kob la.

YON GWO VIOLASYON. Lwa enregistreman pou kontraktè k-ap travay nan jaden se yon krim de twazyèm nivo ki genyen yon penalite ak konsekans de \$5,000, osinon senk (5) an prison anplis de kob la.

Si yo revoke lisans ou osinon li an ba sispannyon pou yon ti tan, epi ou nan mitan yon kontra ak you kiltivatè, femye, w-ap ka kontinye travay jis le seson rekolt la fini.

- *Ki sa pou-ou fè pou kapab genyen on jijman oubyen on odyans?*
- *Ki kote yo fè jijman-yo oubyen odyans-yo?*
- *Pou ki sa fè jijman-yo oubyen odyans-yo ?*
- *Ki lè ou kapab mande on jijman oubyen on odyans infòmèl ?*
- Eske ou kapab mennen on avoka nan jijman-an oubyen odyans-an ?*
- Si ou vyole nenpot ki lwa Florida-a, ki sa yo ka akise-ou ?*
- Eske yo kapab mete-ou nan prison?*
- *Ki kalite penalite èske depatman-on kapab aplike?*
- *Ki jan eskè kontra ou genyen avèk kiltivatè kapab afektè ?*

AKSEPTE KORESPONDANS KI VINI PA LAPOS

Fòk ke ou aksepte tout korèspondans ke depatman lan voye ba-ou. Divizyon lan toujou voye notifikasyon penalite pa ekri epi lèt yo toujou sètifye osinon yo remèt ou li dirèk. Se responsabilite pa-ou pou aji sou sa ki nan notifikasyon-an. Depatman-lan ap toujou panse ke ou aksepte notifikasyon-yo lè ke yo voye-a. Notifikasyon-an ap fè-ou konnen rezon pou nenpòt ki penalite, ak valè lajan amand-ap fè-ou peye-a. Epi tou, notifikasyon-an ap fè-ou konnen dwa ke ou genyen pou mande ou jijman oubyen ou odyans.

INDIKASYON YON AJAN KI REJISTRE

Chak moun ki ap aplike oblije bay non yon ajan ki kapab resevwa papyè pwoze ak lot dokiman legal osinon ofisyel. Fòk ke ajan an kapab resevwa papyè pwoze sou non kontraktè k-ap travay nan jaden-an la de lindi jiska vendredi pandan lè travay la.

Anvan ke depatman ba-ou kontraktè lisans Florida-a, fòk ou bay non è adrès fizik de ajan ou chwazi pou aksepte lèt ki vini pa lapos pou yo kapab resevwa papyè pwoze ak lot dokiman legal osinon ofisyel sou non ou, de lindi jiska vendredi panda lè travay la.

EXAMP YON AJAN KI REJISTE

Oswa yon fèmme, on konpanyi ki bay moun pou travay, yon biro bookkipe, yon kontab, osinon yon konpayi asirans.

- | |
|---|
| <ul style="list-style-type: none"><input type="checkbox"/> <i>Ki jan depatman ape voye notifikasyon penalite ba-ou ?</i><input type="checkbox"/> <i>Ki responsabilite pa-ou le ou resevwa notifikasyon ?</i> |
|---|

CHAPIT 8

KI JAN EGZAMEN-AN FÈT, NIMEWO POU ESEYE, AK KONSEY KONMAN POU PRAN EGZAMEN-AN

Yo konpoze egzamen pou knontraktè k-ap travay nan jaden nan Florida-a avèk keksyon ke ou kapab reponn “vre oubyen “fo”. Ou kapab pran egzamen-an an anglè, an panyòl, oubyen an kreyòl ayisyen. Ou moun kapab li keksyon-yo pou-ou pou sa tandè-yo si ou pa kapab li keksyon-yo ou-menn. Ou genyen 2 è pou pran egzamen-an. W-ap make repons-yo “A” pou vre oubyen “B” pou fo.

EGZAMP KEKSYON POU ESEYE

Keksyon ki la-yo se pa menm enfòmasyon ke w-ap jwenn nan egzamen-an. Yo ba-ou yo la-a pou montre-ou ki jan egzamen-an ap parèt devan-ou ak ki kalite keksyon yo pral mande-ou. Yo ba-ou e yo eksplike-ou rèpons kòrk pou chak keksyon-yo nan paj 33.

FÒK OU FÈ ATANSYON AVEK MO ki an lèt majiskil tankou **PA, TOUT, CHAK**, oubyen **JANMIN (JAMÉ)**.

Direksyon: Reponn chak keksyon “vre” oubyen “fo”, epi tcheke repons ou-yo.

1. Ou **PA** bezwen on lisans kontraktè pou moun k-ap travay nan jaden si ou chache travayè nan Florida-a pou travay nan on lòt eta.
2. Ou oblije bay dat ou fèt lè ou aplike pou on lisasn kontraktè pou moun k-ap travay nan jaden nan Florida-a.
3. Si depatman-an refize renouvle lisans ou-a, w-ap oblije pran egzamen knontraktè pou moun k-ap travay nan jaden-an ankò anvan yo ba-ou on lòt lisans.
4. On **SÈL** jan ke ou kapab chanje adrès postal-ou se si w-ale nan ofise ki bò lakay-ou oubyen yo desiye pou sa.
5. Depatman-an ap fè-ou knonnen lè li genyen enfòmasyon ke ou dwe konnen.
6. On sètifika doktè bon **SÈLMAN** pou 2 zan.
7. Kalite lisans chofè ou dwe genyen depann sou ki kalite machin ou pral kondui.
8. Si chèz ki nan machin yo itilize pou transpòte traveyè-yo fèt an bwa, fòk bwa-a poli e ke li pa genyen ankenn ti mòso bwa k-ap soti la dann-li.

9. Machin yo itilize pou transpòte travayè ki travay nan jaden kapab genyen aparey chofaj ki konekte avèk kote lafimen machin-nan ap soti-a pou sa pwoteje travayè-yo lè fè frèt.
10. Fòm Deklarasyon Kondisyon Pou Travay-la/Enfòmasyon Pou Travayè, Tèm epi Kondisyon Travay-la **TOUJOU** montre konbyen lajan travayè-yo pral touche.
11. Fòm fòm Deklarasyon Kondisyon Pou Travay-la/Enfòmasyon Pou Travayè, Tèm epi Kondisyon Travay-la **TOUJOU** montre nimewo lisans kontraktè pou moun k-ap travay nan jaden nan Florida-a.
12. Ou oblije bay galon dlo osinon kote pou moun lave men-yo nan jaden-an menm si gen sèlman on ti valè travayè nan jaden-an.
13. Ou oblije bay vè pou moun bwè dlo sòf si dlo-a soti nan on fontèn dlo.
14. Ou moun ki gen pi piti ke 16 zan kapab travay pandan gen lekòl si li genyen on sètifika "High School" (GED).
15. On lisans chofè **PA** kapab sèvi pou pwouve laj on moun.
16. Nimewo idantifikasyon anplwaye federal (FEIN) kontraktè pou moun k-ap travay nan jaden-an dwe parèt sou notifikasyon peman-an (Notice of Payment).
17. Non kontraktè k-ap travay nan jaden-an dwe parèt sou notifikasyon peman-an (Notice of Payment).
18. Depatman-la kapab sispann lisans kontraktè-ou si ou vyole nenpòt ki pati nan lwa ki regle rejistrasyon pou moun k-ap travay nan jaden nan Florida.

REPONS POU KEKSYON OU SOT ESEYE-YO

1. Fo. W-ap bezwen on lisans valab nan Florida-a (gade paj 3 nan liv sa-a).
2. Vre (paj 5)
3. Vre (paj 6)
4. Fo. Ou kapab voye kat chanjman adrès ki vini avèk lisans ou-a ale oubyen rele depatman.
5. Vre. Men, fòk ou sonje ke depatman-an panse ke ou resevwa nenpòt ki notifikasyon li voye ba-ou (paj 8).
6. Fo. Sètifika-a bon pou 3 zan (pag 9)
7. Vre (paj 9)
8. Vre (paj 11)
9. Fo. Se vre ke ou OBLIJE pwoteje travayè-yo lè fè frèt; men ou PA kapab sèvi avèk on aparèy chofaj k-ap voye lafimen machin-an kote moun chita (paj 15).
10. Vre (paj 15)
11. Vre (paj 15)
12. Fo. Ou pa oblije bay kote sa-yo sa-yo sòf si ou genyen 5 oubyen plis travayè nan jaden-an (paj 16).
13. Vre (paj 17).
14. Vre. Mo 'GED'-a vle di "General Equivalency Diploma" (setifika "High School") (paj 17)
15. Fo. Yo aksepte on lisans chofè (paj 17)
16. Vre (paj 18)
17. Vre (paj 18)
18. Vre (paj 21).

KONSEY KI JAN POU PRAN EGZAMEN-AN

Anvan ou pran egzamen-an:

Ale nan egzamen-an prepare, tèt-ou klè, e byen repoze.

Ale byen bonè pou sa pa prese.

Mete rad konfòtab sou-ou epi pote on “swètè” oubyen on levit pou si kote w-ap pran egzamen-an fe frèt.

Pote 2 kat idantifikasyon, men youn nan kat idantifikasyon fok li genyen foto-ou sou-li.

Rive nan Sant Eksaminasyon-on bonè.

Pandan egzamen-an:

Li chak kesyon trè byen anvan ou reponn-yo. Fè atansyon a tout ti detay, sitou mo ki negatif ak mo ki absolè (ap egzamp, **PA TOUJOU, ETC.**)

Fè tout egzamen-an nèt e reponn tout kesyon ou konnen. Epi rekòmanse ankò e seye reponn lòt kesyon.

Reponn chak kesyon. Pa kite ankenn repons vid paske y-ap konte kont-ou.

Le ou fini egzamen-an, rekòmanse nan tèt egzamen-an epi tcheke tout repons ou-yo. Gade byen pou wè si ou te reponn tout kesyon-yo, e ke ou reponn tout kesyon-yo kòrekteman.

CHAPIT 9

DEFINISYON

Ajen Ki Rejiste – on moun pou aksepte lèt ki vini pa lapòs pandan le biznis, Lindi a Vendredi.

Ane – peryod 12 mwa ki kòmanse le premye janvyè e ki fini le 31 desanm.

Bagay Ki Toksik – pwodi chimik ak lòt bagay ki gen pwazon la dan-yo.

Cashier's/Certified Check – on chek ofisyel ki garanti ke ou pran nan yon bank.

Chache Moun Pou Travay – chache moun pou travay pou-ou, menm jan lè on moun di “chache travayè ki travay nan jaden”.

Depatman – Depatman ki regle Biznis e Règleman Profesionèl (Department of Business and Professional Regulation/DPBR).

Dosye Peman Oubyen Dosye Kob – on dosye ki montre konbyen hèn de tan chak travayè fè pou sa yo keyi.

Fòm Enspeksyon Machin – papye (Fòm WH-514) ke mekanisyen ki tcheke machin ou-an dwe ranpli.

Investigatè – on reprezantan ofisyel nan depatman-an ki regle pwogram agrilkitirel (Department of Business and Professional Regulation/DBPR). Yo te kon rele-yo Compliance Officer oubyen Labor man.

Jijman Oubyen Odyans Fòmèl – se on chans pou tou lè de kote-yo plede kòz-yo lè pesonn pa dakò ki sa ki te pase. Yo fè tout moun jire ke y-ap di laverite, e yo kapab poze temwen keksyon.

Jijman Oubyen Odyans Infòmèl – on chans pou diskite penalite nan on ka kote tout moun dakò sou ki sa ki te pase.

Kalite On Lisans – on ti fich (A, B, C, E, oubyen CDL) ke yo mete sou lisans chofè-a ki montre ki kalite machin ou kapab kondui

Kote Pou Moun Lave Men-Yo – on Galon, oubyen on fason pou moun lave men-yo, ki swiv règleman ke Depatman Sante ak Sèvis Reyabilite (Department of Health and Rehabilitation Services) bay.

Krim Dezyèm Nivo (misdemeanor) – on krim ki pa osi serye ke on krim de twazyèm nivo. Dabitid, pinisyon-an se on amand (on lajan yo fè moun-nan peye) ak/oubyen prizon pou piti ke youn (1) ane.

Krim Twazyèm Nivo (felony) – on krim ki re serye è grav. Lwa sa-a se on krim de twazyèm nivo. Krim sa-a se on krim ki kapab fè ou paye ou amand oubyen yo kapab kondane-ou jiska sink (5) ane lan prizon.

Lèt Ki Sètifye – on fason pou voye on lèt ki bay moun ki voye-l la preèw ke lèt te poste e ke lòt moun resevwa-l. Yo kenbe on resi nan lapòs ki montre ke yo resevwa lèt-la.

Lisans Chofè Ki Bon – on lisans ki valab toujou (lè pou lisans-la fini-an poko rive).

Lwa Federal Ki La Pou Fè Tout Travay Mache Byen (Federal Fair Labor Standards Act) – on lwa nan depatman travay Etazini ki regle kondisyon nan travay, lajan moun ap touche ak travay travayè-yo.

Lwa Ki Di Ke Ti Moun Oblije Ale Lekòl – on lwa nan Florida-a ki di ke ti moun oblije ale lekòl jiskaske yo gen 16 zan.

Lwa Nan Florida-a Ki Regle Travay Ti Moun (Florida Child Labor Law) – On lwa nan Divisyon-an ki okipe-li de sekirite ak byen nèt tout ti moun ki gen pi piti ke 18 tan k-ap travay.

Ofise Yo Desiye – on ofis ki genyen moun ki kapab asiste avek registration e egzamen kontraktè pou moun kap travay nan jaden.

Pestisid – pwodi chimik key o itilize pou tiye ti bèt. Pwodi sa-yo kapab fè moun malad.

Plent Administratif – on rapò ke ofisye ki la-a pou wè ke tout bagay kòrèk-la (Envestigatè) ekri oubyen ke divizyon-an resevwa, ki di ke kontraktè-a pa syiv règleman lwa-a.

Pòtatif – on bagay yo kapab pote oubyen deplase sot on kote ale nan on lòt.

Prèw Asirans – on sètifika papyè ke konpayi asirans-la ba-ou pou montre ke ou genyen asirans.

Pwogram “co-op” – on antant an on sistem lekòl ak on bòs travay ki pèmèt elèv soti lekòl pou on moso nan lajounen-an pou elèv-la al travay.

Quarter – ¼ ane-a. (On “quarter” reprezante 3 mwa). Yo mete “quarter” pou konpansasyon lè moun pa-p travay la-a.

Premye “quarter”: janvyè, fevriye, mas

Dezièm “quarter”: avril, me, jiyen

Twazyèm “quarter”: jiyè, out, septanm

Katrièm “quarter”: oktòb, novanm, desanm

Renouvele – pran on ekstansyon pou on lòt ti tan.

Rekrute – pou chache travaye pou travay nan jaden nan Florida-a.

Repesantan Nan Jaden – on moun ki sèvi kom kontak ant depatma-an ki regle rejistrasyon pou moun kap travay nan jaden (Department of Business and Professional Regulation) ak chèf ekip-yo, kontraktè-yo, kiltivatè-yo, travayè k-ap travay jaden-yo, anplwayè-yo. Moun ki la pou wè ke tout bagay kòrèk-la (envestigatè) se on repesantan nan jaden-an.

Revoke – pran on bagay nan men-ou (pa egzant, on lisans)

Sèfètika Doktè – on fòm, ke on doktè siyen, ki di ke on kontraktè kapab kondiyi on machin yo itilize pou transpòte travayè ki travay nan jaden.

Sètifika “High School” (GED) – on diplòm “High School” yo bay moun-nan san li pa ale lekòl. Pou yo bay diplòm-nan, fòk moun pase on egzamen.

Sispann – pran on bagay nan men-ou pou on ti tan (pa egzant, on lisans)

“Third Party” – on moun, a pa de kontraktè-a oubyen travayè k-ap travay nan jaden-an, pa egzant, on lot kontraktè, kiltivatè, pwopriyetè, etc.

Transpòte – bay machin yo itilize pou pote travayè ki travay nan jaden.

Valè Lajan Asirans Machin – tout valè lajan ke yo asire machin-ou.

Viza – on so ofisyèl oubyen on ekriti ki di ke moun ki responsab-yo te tcheke paspò-ou.